


# KONPRANN EPATIT B

---

Kisa mwen dwe  
konnen?



Haitian Creole



hepB<sup>™</sup>  
.com

Epatit B (oswa hep B) se yon maladi grav nan fwa ki afekte plizyè milyon moun toupatou nan lemonn.

Tiliv sa a la pou ede ou konprann epatit B pi byen epi aprann kijan pou ou jere li.

## Epatit B se enfeksyon nan fwa ki pi kouran nan lemonn


Epatit B se yon enfeksyon grav nan fwa epi ki kapab lakòz lanmò. Kòz li se paske ou vin enfekte ak viris epatit B (Hep B Virus, HBV).

---

## Nou pral eksplòre sijè anapre la yo anndan tiliv sa a:

- Fason epatit B kwonik afekte fwa a
- Fason epatit B transmèt
- Tès ak vaksinasyon
- Fason yo trete epatit B kwonik

Pou jwenn plis enfòmasyon an detay, gade nan **HEPB.COM**



## Kisa ki pase si mwen trape viris epatit B a?

Lè yon moun enfekte pou premye fwa, yo rele sa yon enfeksyon **EGI**.



Men, si yon moun te gen epatit B depi plis pase 6 mwa, yo rele sa epatit B **KWONIK**.

Pifò moun ki gen epatit B kwonik pa gen **OKENN** sentòm epi yo santi yo byen. Men:

- Yo ka gentan gen domaj nan fwa
- Yo ka enfekte lòt moun toujou

**Li enpòtan pou ou konnen eta ou parapò ak epatit B paske sa pral ede ou konprann pi byen kijan pou ou okipe sante fwa ou**



## Kisa fwa mwen an fè?

Fwa a se yon ògàn ki enpòtan anpil epi ou pa kapab viv san li


**Fwa a se ògàn ki pi gwo andedan kò a, epi li fè sa ki annapre la yo:**



Transfòme sa ou manje ak bwè nan enèji ak eleman nitritif



Retire pwodui chimik nuizib nan san ou



Konbat enfeksyon



Fè sibstans ki ede ou dijere manje yo

# Kijan epatit B kwonik afekte fwa a?

Epatit B kwonik ka lakòz domaj san ou pa menm konnen

Pafwa yo rele epatit B kwonik yon **"touyè ki pa fè bri"** paske menm si ou pa santi ou malad, li ka lakòz domaj nan fwa, tankou:



## Anflamasyon



## Fibwoz

Sikatriks nan fwa



## Siwoz

Sikatriks grav ki ka afekte fason fwa ou fonksyone



## Kansè nan Fwa

Epatit B kwonik se yon gwo kòz kansè nan fwa

Si li rete san tretman, jiska **1 moun sou 4** ki gen epatit B kwonik vin gen pwoblèm nan fwa tankou siwoz ak kansè nan fwa.



Epatit B kwonik se 1ye kòz kansè nan fwa kay Ameriken Azyatik yo



Epatit B kwonik se yon gwo kòz kansè nan fwa, ki se 1ye kòz lanmò akòz kansè kay gason ann Afrik




**Si ou gen epatit B kwonik, pale avèk doktè ou konsènan sa ou kapab fè pou ou jere li**

# Kijan epatit B transmèt?


**SÈL** fason pou ou trape viris epatit B a se lè ou vin an kontak ak san oswa likid kò ki enfekte

Ou **KAPAB** pran li nan:



- Manman ou si li te gen epatit B lè ou fèt (ki se youn nan fason ki pi kouran pou trape enfeksyon an)
- San ki enfekte apre yon blesi, yon mòde, oswa yon grafouyen
- Echanj likid kò pandan w ap fè sèks
- Pataje zegui ki pa esterilize (tankou zouti pou tatou oswa pou pèse kò)

Ou **PA KAPAB** pran li nan:



- Touche
- Bo
- Bwè alkòl
- Manje, dlo, oswa van
- Pataje gode ak istansil



**Lè ou konnen kijan epatit B transmèt, sa kapab ede ou evite pou oumenm ak fanmi ou vin enfekte**


# Èske mwen ka nan risk?

Piske epatit B se yon enfeksyon nan fwa ki kouran, gen anpil moun ki nan risk pou yo trape li

Jiska  
**2 MILYON**  
moun enfekte Ozetazini

- 2 moun sou 3 ki gen epatit B pa konnen yo genyen li
- Gen apeprè 257 milyon moun ki enfekte nan lemonn antye
- An 2015 pou kont li, yo kalkile gen apeprè 887,000 moun ki mouri akòz konplikasyon nan epatit B, tankou siwoz ak kansè nan fwa

Moun ki fèt nan zòn kolore an wouj yo gen yon pi gwo\* risk pou yo gen enfeksyon epatit B



\*Pi gwo risk:  $\geq 2\%$  nan popilasyon an gen epatit B.

Li enpòtan pou konprann faktè risk sa yo pou epatit B kwonik

## Men kèk faktè risk anplis:

- Ou fèt Ozetazini, ou pa te pran vaksen lè ou te tibebe, epi ou gen paran ki fèt nan peyi ki gen gwo risk yo
- Ou te vwayaje nan peyi kote epatit B kouran
- Ou fèt nan yon manman ki gen epatit B
- Ou vin an kontak ak likid kò ki enfekte (san, espèm oswa likid vajen)
- Ou fè sèks san pwoteksyon avèk yon moun ki enfekte avèk epatit B
- Ou te fè yon tatou oswa ou te fè pèsè kò w ak zouti ki pa esterilize
- Ou te pataje zegui ki pa esterilize



**Si ou konprann risk sa yo, sa gendwa ede ou pwoteje tèt ou, fanmi ou, ak zanmi ou pou pa trape epatit B**

## Kijan m ka konnen si m gen epatit B?

Yon tès san senp ap fè ou konnen si ou gen epatit B kwonik:



Yo pran san an nan yon venn nan bra ou



Yo voye li nan yon laboratwa epi yo egzamine li



**Pran responsablite sante ou epi al wè doktè w pou ou fè tès la**

## Kisa rezilta tès yo siyifye?

Rezilta tès san ou yo pral ede doktè ou konnen si ou gen epatit B oswa si ou deja pwoteje kont li.

### Gen 3 kalite rezilta tès ki posib:

#### Gen risk



Ou pa te janm gen epatit B ni pran yon vaksen.  
**Ou ta dwe pran vaksen an.**

#### Enfekte



Ou gen epatit B kwonik.  
**Mande doktè ou si ou bezwen tretman.**

#### Pwoteje




Ou te pran vaksen an, oswa ou te gen epatit B oparavan epi kò ou te konbat li.  
**Ankouraje moun pwòch ou yo pou yo fè tès.**

# Kisa vaksen kont epatit B a ye?

Vaksen kont epatit B a se yon fason ki san danje epi ki efikas pou anpeche enfeksyon epatit B

Vaksen an disponib swa:

Sou fòm **2 vaksen**, yo bay yon mwa apa **OSWA 3 vaksen**, kote yo bay de premye yo yon mwa apa epi yo bay 3yèm lan 4 mwa pita.



Pale ak doktè ou konsènan ki vaksen ki pi bon pou ou.

**Sonje byen, li enpòtan pou ou pran tout vaksen yo pou ou pwoteje kont viris la**

Li enpòtan pou konnen reyalyte yo sou vaksen kont epatit B a



Vaksen an **P AP** aji pou moun ki deja gen epatit B.



Ou **PA KAPAB** trape epatit B apati vaksen an paske vaksen an pa gen viris vivan an ladann.



**Si ou pa gen epatit B epi ou pa te pran vaksen an, pale avèk doktè ou pou ou pran vaksen an, epi ankouraje zanmi ou ak fanmi ou pou yo fè menm bagay la**



## Si m gen epatit B kwonik, kisa pou m fè?

Menm si ou santi ou byen, ou pa kapab iyore epatit B ou an

Ou ka jere epatit B kwonik ou an avèk sipò doktè ou, fanmi ou, ak zanmi ou yo.

Lè ou pran swen tèt ou, sa kapab gen anpil avantaj, men si ou gen epatit B kwonik, swen pèsònèl ou yo gendwa pa sifi.




**Premye etap la se pou ou jwenn yon doktè ou fè konfyans epi fè vizit regilyèman pou li ka suiv pwogrè ou**

Doktè ou ka detèmine si ou kalifye pou tretman pou epatit B kwonik.

## Èske yo ka trete epatit B kwonik?

Si yo fè yon dyagnostik epatit B kwonik pou ou, doktè ou ka preskri ou yon medikaman antiviral

Objektif tretman antiviral la se pou:



Diminye kantite viris epatit B a nan kò ou



Diminye risk pou ou gen pwoblèm nan fwa, tankou siwoz, defayans fwa, ak kansè nan fwa

Antiviral yo ka swa yon konprime oswa yon piki medikaman ou pran. Founisè swen sante yo dwe siveye pasyan ki pran medikaman sa yo pou wè si yo gen efè segondè yo.



**Yon pati enpòtan nan jesyon epatit B kwonik ou an se poze doktè ou kesyon sou chwa tretman ki posib yo**

# Kisa mwen dwe sonje konsènan epatit B kwonik?



Epatit B kwonik se enfeksyon nan fwa ki pi kouran epi li ka lakòz pwoblèm grav nan fwa, tankou siwoz ak kansè nan fwa.



Sèl fason pou trape epatit B se nan san oswa likid kò ki enfekte. An reyalyite, anpil moun ki gen epatit B te trape li nan nesans si manman yo te enfekte.




Yon tès san senp ka montre si ou gen epatit B oswa si ou pwoteje kont li.




Si ou pa te janm enfekte ak epatit B, gen yon vaksen pou anpeche li.



Si ou gen epatit B kwonik, li enpòtan pou ou al kay doktè ou regilyèman.



Ou gendwa santi ou an bòn sante, men ou gen maladi a kanmenm oswa ou gen risk pou ou gen domaj nan fwa.



Gen tretman ki disponib ki gendwa ede diminye kantite viris ki nan kò ou epi sa gendwa diminye risk pou ou gen pwoblèm nan fwa yo.

**Gilead pran angajman pou li ogmante priz konsyans ak edikasyon sou epatit B nan kominote a**

# Kijan pou m pran kontwòl sante fwa mwen?



## **Konnen eta ou parapò ak epatit B**

Fè tès epi pale avèk fanmi ou ak zanmi ou pou yo fè yon tès depistaj



## **Si ou PA gen epatit B**

Pale avèk doktè ou pou ou pran vaksen an, epi ankouraje moun pwòch ou yo pou yo fè menm bagay la



## **Si ou GEN epatit B**

Gen tretman ki disponib ki gendwa diminye risk pou gen domaj grav nan fwa. Ale kay doktè ou regilyèman epi poze kesyon sou chwa tretman ki posib yo

Aprann plis sou epatit B se yon pati enpòtan nan pran kontwòl sante fwa ou.

Pou ou jwenn plis enfòmasyon, gade nan **HEPB.COM**

